



Pou Piblikasyon Imedya: 30/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PASE FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISAB NAN LAPOLIS ETA A ENSTWIKSYON POU YO ASISTE NAN ANKÈT KI AP MENNEN SOU NÒT ANTI-SEMIT KE YO TE JWENN NAN JEWISH CHILDREN'S MUSEUM KI NAN BROOKLYN LAN

"Mwen santi mwen degoute pa mesaj anti-Semit ki te ekri devan mize Jewish Children's Museum lan ki nan Crown Heights, Brooklyn. Nou gen yon politik zewo tolerans kont anti-Semit, diskriminasyon oswa layèn sou tout fòm yo nan New York, epi pèsòn pa ta dwe santi yo menase akòz kwayans relijye yo.

Mwen te vizite gwo mize sa a, ke yo te konstwi an onè a Ari Halberstam ke yo te tiye trajikman nan yon atak òrib anit-Semit sou Pon Brooklyn lan, apre ke li te resevwa menas nan pase. Li menm pi alaman pou yo sible enstitisyon sa a ke yo te konstwi pou rasanble ansanm timoun tout kwayans yo ak tout orijin yo pou favorize tolerans.

Fas a yon ogmantasyon nan krim anti-Semit ak lòt krim rayisab yo nan nasyon nou an, li pi enpòtan ke jamè pou ke nou kanpe ini pou kondane zak vyolans meprizab sa yo epi derasinen layèn sou tout fòm li yo.

Pou asire ke moun ki responsab pou zak rayisab sa yo ap jije responsab nan tout anplè ke lalwa pèmèt, mwen ap pase Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisab nan Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Task Force) enstwiksyon pou yo imedyatman bay NYPD nenpòt resous ke yo bezwen pou asiste yo nan ankèt yo ap mennen sou ensidan sa a. Kounye a epi a jamè, pa gen plas pou layèn nan Eta nou an".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)